ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№80-81 (21.739) ● 2010 гъэм накъыгъэм (майм) и 6, махуэку ● Гъэмахуэм т хуэ къыдок ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кавказымрэ мамырыгъэмрэ

Ныкъыгъэм 4-м Налшык къыщыдэIуахащ «Кавказымрэ мамырыгъэмрэ» яп э Урысейпсо кинофестиваль. ТекIуэныгъэ Иныр ильэс 65-рэ зэрырикъум теухуауэ. Къалэм и кинотеатрэм, и концерт гъэльэгъуаIэхэм яп э картинэхэр (Урысеим и Кърал фильмофондым и архивым щыщ «Герой нашего времени» фильмымрэ режиссерхэу Семеновз Аленэр Смирнов Александрэ я «Рябиновый вальс» лэжьыгъэмрэ) щагъэлъэгъуэху КъБР-м и Правительствэм и Унэм зэIушIитI щекIуэкIащ.

ФЕСТИВАЛЫМ и зэхэублэкIэм, абы и мурад нэхъыщхьэхэм, ар зэрекIуэкIыну щыкIэм, нэгъуэщIхэми тепсэльыхьын папщIэ зэхаща пресс-конференцым хэтащ ди республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ**, УФ-м и Кинематографистхэм я союзым и секретарь, «Кавказымрэ мамырыгъэмрэ» кинофестивалым и художественнэ унафэщI **Новожилов Сергей** Кърал Думэм Щэнхабзэмкlэ и комитетым и унафэщI **Ивлиев Григорий**, УФ-м и Кърал фильмофондым и унафэщI, Кърал саугъэтым и лауреат **Бородачев Николай**, Кинорэ телевиденэмрэ я университет Санкт-Петербург дэтым и ректор **Белоусов Александр** УФ-м и Кинематографистхэм я союзым и секретарь, зэгухьэныгъэм и аналитикэ гупым и унафэщI **Иванов Олег**, «Ченчфильм» киностудием и тхьэмадэ **Шерипов Иналбек** артист хьэщIэхэр, ди республикэм и щэнхабзэ лэжьакIуэхэр, журналистхэр.

- Мы Iуэхур зытещIыхьа гупсысэр зауэм и гущIэгъунщагъэр, мамыр гъащIэр зэрызэтрикъутэр кинематографиеI Iэмалхэмкlэ щIалэгъуалэм я нэгу щIэгъэкIыныр, цыхуу гъащIэр зэрыуасэнщэу, Хэкур, укъызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ лъагъун зэрыхуейр яжеIэныр, - жиIащ зэIущIэр къыщыхьэIуихым ар езыгъэкIу экIа, УФ-м и цIыхубэ артист, Кърал саугъэтым и лауреат **Лаврентьев Клим**. - Щэнхабзэ Iуэху куэд, фестиваль зэхуэмыдэхэр щIэх-щIэхыур щокIуэкI Налшык, ауэ киноМ, фильмхэм я гъэлъэгъуэныгъэр иджы япэщи, ди гуапэщ республикэм тхьэмадэ **Шерипов Иналбек** артист хьэщIэхэр, ди республикэм и щэнхабзэ лэжьакIуэхэр, ар зэрекIуэкIыну щыкIэм тепсэльыхьын папщIэ зэхаща пресс-конференцым хэтащ ди республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ**, УФ-м и Кинематографистхэм я союзым и секретариатым и зэIущIэ Налшык щыIэу. Абы лъандэрэ зэман мащIэщ блэкIар, ауэ лэжьыгъэщхэу зэфIэха хьуащ, - и гуапэу къыхихыгъэщащ къыкIэльыкIуэу псальэр зрата **Новожилов Сергей**. - Ди Iуэхур псынщIэу зэрагъэкIуэтам папщIэ фIыщIэ яхузощI КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, Правительствэм, Парламентым, Щэнхабзэмкlэ министерствэм я лэжьакIуэхэм.

Новожиловыр тепсэльыхьащ махуиплкIэ екIуэкIыну фестивалым и программэм, Тэрч, Бахъсэн, Тырныауз, Прохладнэ къалэхэм хьэщIэхэр зэрыкIуэнум, абы щыпсэухэм зэрахуэзэнум, фильм кьашхэм щыщхэр зэрыщагъэльэгъуэнум.

Белоусов Александр и гугъу ищащ Киномрэ телевиденэмрэ я университет Санкт-Петербург дэтым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэ Налшык къыззIуахыну зэрамурадым. Ректорым къыззэрыхигъэщамкIэ, егащIэ нэхъыщхьэм иIэ факультетхэм щыщу ди щIыпIэм щыIэнур иджыри яубзыхуакъым.

Ди республикэм и хьэщIэхэм яхуэгъэзэа упщIэхэр я куэдт журналистхэм. АпхуэдизкIэ ар щIэупщIащ Кърал фильмофондым и къудамэ ди республикэм кIыщыз эIуахыну зэрыжаIам кьрикIуахэм (жыIапхъэщ нобэ, сыхьэт 15-м Кърал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм а къудамэм и «лъэгеуВз» зэрыщыIэнур), «Победа» конотеатрыр зэгъэзэпэщыжыным, Санкт-Петербург университетым иджыпсту ди ныбжьыщIэхэр зэрыщIэтIысхьэфынум, Кавказыр къаззрыщыхьум, абы и пщIэр къэIэта зэрыхъунур зыхалъагъуэм, ди къэралым и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щытрах фильмхэр утыку кьыззэрырахьэфынум. Зым дежкIи щэхуэкъым телевиденэм и каналхэр УФ-м и щIыналъэхэм я щэнхабзэм кьыззэрыхуэмыныкъуэр, лъэпкъхэр зэрыгъэцIыхун, зэкъуэгъэувэн Iуэху абыхэм зэрызэрамыхуэр. Ахэми нэгъуэщIх эми я жэуап зэIущIэм щыIащ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

«Кавказымрэ мамырыгъэмрэ» урысейпсо кинофестивалым хэтыну дыгъуасэ Налшык къэкIуащ «Шэрджэс» фильмым роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIа Бишар Сэхъар, режиссер, тхакIуэ щэрыIуэ Къандур Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ Бэлагъы (Любэрэ я гъусэу.

НАЛШЫК аэропортым журналистхэр щыIущIащ хьэщIэ хэм. Бишар Сэхъар фIэхъус гуапэ кьыпежьахэм ярихри, журналистхэр зыщIэупщIахэм жэуап яритащ.

- Къэбэрдеим япэу сыкъакIуэ аращ, - жиIащ Сэхъар. - Фи щIыналъэр зэрыдахэр зэ хэохати, хуабжьу си нэ кьикIт ззэгъэпэгъуну. Фильмым зыщыхуэзгъэ хьэзырым сэ зыщызгъэгъуэзат фи хабзэмрэ щэнхабзэмрэ теуха Iуэхугъуэ куэдым. Сэ згъэззэщIа рольыр сигу ирохь. Фильмым зыщыIэтыгъат Налшык никIаIуэ сызыщдэпэжьа актерхэм хуабжьу саззрыхуэзэщар.

Адыгэ актерхэр адыгэбзэкIэ, хьэрыпхэр хьэрыпыбзэкIэ щыпсэлъэнущ «Шэрджэс» фильмым. «Кавказымрэ мамырыгъэмрэ» урагъэщхь фи актерхэм, - жиIуэрэ кьыпогуфIыкI Сэхъар.

Фигу кьыдогъэкIыж: мы фильмым щоджэгу Бэч Азэмэт, Фырэ Руслан, Кьумахуэ Мухьэдин, Щэрмэт Людмилэ, Хьэмыку Жаннэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

ТАБЫЩ Динарэ.

Бжыгъэхэм жаIэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэкIуэкIащ къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр зыхэта зэIущIэ. Абы щыхэплъэжащ КъБР-м и муниципальнэ куей, къалэ щIыналъэхэм 2009 гъэм я экономикэм, псэукIэм зэрызауэжьар рейтингкIэ къыззрапщытам кърикIуахэм.

А КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭР Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми зэхуэдизу щрагъэкIуэкI. Абы къызэщIеубыдэ Iуэхугъуэ 22-м кьрикIуа бжьгъэхэр. ИужькIэ, къэпщытэныгъэм и щIихьэт тхьилъхэр Москва щызэхуахьэсыжри, къэралым и щIыналъэ нэхъыфIхэр къыщыхах.

А Iуэхугъуэр зэхьеэзэхуэ щIыкIэу ирагъэкIуэкI. Республикэм и муниципалитетхэм защIэгъэкъуэным фонд щхьэхуэ хухахащи, текIуа кьалэхэм, куейхэм ахьшэ саугъэтэр ират, жылагъуэ Iуэхуэхэр егъэфIэкIуэным трагъэкIуэдэну х уиту. А фондым мы гъэм хагъэхьауад сом мелуан 17- иджы ар мелуан 50 мэхьу. А хьыбар гуапэр зэ уэсахэм яхуиIуэтащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. Абы зэрыжиIамкIэ, къалэхэм, куейхэм я социально-экономикэ щIыкIэр рейтингкIэ къэпщытэныр муниципальнэ властым и лэжьэкIэр езыгъэфIакIуэ Iэмалщ. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр Мусуков Алий Iуэхум теухуауэ къыщыпсалъэм зэрыжиIамкIэ, а зэхьэзэхуэм республикэм и куей, къалэ псори зэхуэдэу хэтын папщIэ ахэр гупищу зэхагъэкIащ, я социально-экономикэ зэфIэкIхэр зыхуэдэм тещIыхьауэ. Япэ гупым (кьалэхэр зыхуобудэм) щытекIуащ Бахъсэнныр, етIуанэ увыпIэр иубыдащ Прохладнэм. Абыхэм саугъэт фондым щыщу сом мелуани 10-рэ сом мелуани 6-рэ иратынущ (зэрызэкIэлъыкIуэу).

ЕтIуанэ, ещанэ гупхэм щытекIуащ Щэджэм, Бахъсэн куейхэр, етIуанэ увыпIэхэр кьахьащ Щэрэдж, Тэрч районхэм.

Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ министр Мусуков Алий зэрыжиIамкIэ, зэхьэзэхуэр зэрекIуэкI щыкIэм мы гъэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтащ: 2008 гъэм абы щытекIуахэр кьэхуэгъэнэр Iуэхугъуэ 40-м я бжьгъэхэм тещIыхьауэ щытамэ, мы гъэм ар 22-м нэс ягъэмэщIащ. Республикэм и Президентым и унафэкIэ, кьагъэнар щIыпIэ властым и лэжьэкIэм елыта бжьгъэхэм я закъуэщ. Псальэм папщIэ, апхуэдэ бжьгъэхэм щыщщ куейм щыпсэу зы цIыху кьэс хуэзэу инвестицэ мыпкъуу я зыужьныгъэм хальхьар зыхуэдизыр, псэупIэ унэу яухуам и бжьгъэр, нэгъуэщIхэри.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Ветеранхэр ирагъажьэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къанщауэ Мусэбий УФ-м и Президентым IущIэнущ

Дыгъуасэ, Къэбэрдейр Урысейм зэрыхьхэрэ ильэс 400 зэрырикъум и утыкум дежи щрагъажьащ Москвэ, Санкт-Петербургрэ накъыгъэм и 7-9-хэм щекIуэкIыну махуэшхуэ зэхьхьэхэм хэтыну пщIэ зыхуащIа республикэм и ветеранхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми гъусэ иIэщ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балкъэрым и лIыкIуэу Москва макIуэ зи ныбжьыр ильэс 88-м нэса ветеранхэу Бахъсэн куейм хыхьэ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм щыщ Къанщауэ Мусэбийрэ Хьэсэней щыпсэу Созаев Мухашрэ.

Санкт-Петербург щекIуэкIыну махуэшхуэ зэхьхьэхэм хэтынущ Иваницкая Нинэ, Медведевэ Эльзэ, Крылов Владимир, Дудкин Николай, Тупикин Николай сымэ.

Гъэуэгуанэ теувэ ветеранхэм псалъэ гуапэхэмкIэ заХуигъэзащ КъБР-м хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр **Пащты Борис**.

- ПщIэ зыхуэтщI ди ветеран лъапIэхэ! Ди лъахэм и щIыхьыр кьэралым и щыхьэр Москва щекIуэкIыну махуэшхуэ Iуэхугъуэхэм щыфIэтынущи, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ фиIэу абы фыхэтыну ди гуапэщ. Фэ нэхъ лъапIэ диIэкъым. Нобэрей ди мамыр псэукIэм зи кьаргъэ гущIэгъэ хэзыльхьа, Хэку зауэшхуэм иIыгъэрэ хахуагъэрэ къыщызыгъэльэгъуа ди ветеранхэм фIыщIэ фхудощI. Гъуэгу махуэ! - яжриIащ абы къызэхуэса нэхъыжьхэм.

- «ЗауэлI щIыхьым и кьалэ» цIэ лъапIэр Налшык къызэрыфIащар псом япэу зи фIыщIэр пщIэ зыхуэтщI ди ветеранхэрщ. А гуэлытэр Хэку зауэшхуэм зи гъащIэр хэзылъхьа ди зауэлIхэрэм я фаеплъ. Ди фIэщ мэхъу кьыватрЕэза дзыхьыр, кьыфхуащIа пщIэр щIыхь пылъу зэрыщIэгъэзэщIэнур, - захуигъэзащ республикэм и Ветеранхэм я советым и унафэщI **ШыхъуэбахъуэМухьэмэд** гъуэгуанэ теувэхэм.

- Си щхьэр фхуэоэнащхъ, ди нэхъыжьыфIхэ, ди ветеран лъапIэхэ! Зыгъэпсэхуауэ, узыншэу, нобэ хуэдэу гукъыдэжьир фиIэу фыкъедгъэблэгъэжьыну, къыздэфхьа гукъинэж дахэмкIэ фыкъыддэгуэшэну ди гуапэщ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэ **Хъэщхъуэжь Татьяна**

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий ТекIуэныгъэ Иныр ильэс 65-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ ветеран гупым яIущIэнущ. Апхуэдэ пщIэ ирагъэзащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу махуэшхуэм кIуэну дзыхь зыхуащIар си дежкIэ пщIэшхуэщ. Си гугъэщ а пщэрылъ къызэрымыкIуэр ди лъахэм, республикэм и унафэщIхэм, сэ схуэдэ ветеранхэм я щIыхьэр сIэту схуэзэфIэхыну, - къыджиIащ Мусэбий.

Гъуэгу махуэ, ди ветеран лъапIэхэ!

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Къэбэрдей пщащэхэм срагъэщхь»

Актрисэ Бишар Сэхъар, режиссер, тхакIуэ Къандур Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ Бэлагъы Любэрэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*



Лэжьыгъэр къыпаубыд

Финляндием и орыскъыхькI промышленностым щылажьэ цIыху мини 10-м щIигъур дыгъуасэ лъандэрэ лажьэркъым.

Ар профсоюзхэм къызэрагъэпэща Iуэхугъуэщ.

Финляндием и «VIе» радиом къызэритамкIэ, орыскъыхькI промышленностым и лэжьыгъэ IэнатIэхэр зыIэщIэлъхэм зэгурыIуэныгъэ профсоюзхэм щращIылIэкIэ якъуэдий Iуэхущ Iапl эхэр (лыхэкIым елэжьхэр, щIакхъуэ щагъажьэхэр, н.къ.) тыкуэнхэм ещхьу, зыгъэпсэхугъуэ махуэ ямыIэу, лэжьэн хуейуэ.

Зыкъзэ ыIэтахэм яхэтщ Iуэхущ Iапl э 80-м я профсоюзым щыщ куэд. Ахэр псори йолэжь лыхэкIым, шэхэкIым, щIакхъуэ гъэжьным, псы IэфI къыщIэгъэкIыным.

FNB хъыбарегъащIэ агентствэм гу зэрылытащу, Финляндием и сымаджэщхэр, еджапIэхэр, жылагъуэ Iуэхущ Iапl эхэр орыскъыкIэ къызэрэпэщыныр гугъу хъуащ, тыкуэнхэм щIэлъ орыскъыкIэ лIэужьыгъуэхэми хэщIащ. ЗыкъзэыIэтахэм зыхуейр накъыгъэм и 11 хьухуэ уамыщIэмэ, забастовкэм щIыху нэхъыбэ хашэну профсоюз Iэтащхьэхэм жаIэ.

Хуиту мэпсалъэ

Ялернэ Iэщэм земыгъэубгъунымкIэ зэгурыIуэныгъэр зэрагъэзащIэм теухуауэ ООН-м иригъэкIуэкI зэIущIэм и етIуанэ махуэр зэрыщыту Ираным и президент Ахмединежад Махьмуд ейуэ щытащ жьпIэкIэ, ущыуэцукъым.

Къызэрыпсэлъэн хуей зэманкIи жиIапхъэхэмкIи «зимылъэхъэжу», ар зэрыхуейуэ утыку итащ икIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ куэд кIыгъэлъэгъуауэ я кьыщIокI, лейуэ зи гугъу ищIа-хэр лъэныкъуэ егъгъэзыжьмэ.

Ираным и президентым зэрыжиIамкIэ, Корее Индхьэрэм зэрищIам ещхьу, ядернэ Iэщэм земыгъэубгъунымкIэ зэгурыIуэныгъэм кьыхэкIым мурад абы и къэралым иIэжьым. МащIэуку хэ-гъэбэта и ураныр реакторым и ядернэ гъэсэныпхъэ тэмэмкIэ хамэщI кьыщихьуэжьным теухуа зэпсэльэныгъэхэм пищэну Тегеранрэ хьэзырщ.

- Дэ санкцэхэми зауэ кьыдащIылIэнми дыщышынэркъым. Бий кьыттеуэмэ, абы едутIыпщын «мывэ» диIэщ. ИкIи Израильм иджыри зэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум зауэ кьыщигъэхьежмэ, ар журт кьэралыгъуэм кIэух хуэхьунущ, - жиIащ Ахмединежад Махьмуд.



◆Москва и бэракьымрэ и дамышгъэмрэ (гербымрэ) я щ ма хуэщ.

◆ Нью-Йорк Урысеим и жэрдэмкIэ щекIуэкIынущ ООН-м и Генералнэ Ассамблеем и зэIущIэ. Ар я фэеплщ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм хэкIуэда псомИ.

◆Брюссель (Бельгие) щызэхэтынущ Урысей-НАТО Советым и зэIущIэ. Абы кьрихьэлIэнущ Генералнэ штабхэм я унафэщIхэр.

◆ 1939 гъэм Налшык щыгъэжаIэ кьыщызэIуахащ.

◆ Илъэси 135-рэ ирокIу адыгэ тхыдэтх, узэщIакIуэ **Долгот-Джэрий СультIан** къызэралъхурэ. 1918 гъэм дунейм ехыжащ.

Плъагъур зыхьхьэмрэ
ГЪУЩIО Зарифи.

2010 гъэм накъыгъэм и 1-м Налшык шыгъэжапIэм къыщыхъуа террорист Iуэхугъуэм теухуауэ КъБР-м и Мыслъымэн дин Iуэхущ Iапl эм и Раис-Iимамхэм я Советым ЖИIАР

Къэбэрдей-Балкъэрым и Мыслъымэн дин Iуэхущ Iапl эм и Раис-Iимамхэм я Советым къыбгъэдэкIыу хэкIуэдам и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ дахуогузавэ, фэбжь кьыхъэзыхахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я гукъыдэр зыхыдощIэ икIи

къэхъуам дегъэгубжь, сыту жыпIэмэ цIыху мамырхэр къэгъэуэным и унэтIыныгъэр республикэм щыщыIэ щытыкIэр щызэтекъутэныр. Мурад нэхъыщхьэ дыдыр - Кавказ щIыналъэр мафIэр сыт щыгъуи кьыщызэщIэплъэ щIыпIэ щIыныр. Ахэр хуейщ зэтракъутэну е зэтрагъэувыIэну ди республикэм щыщыIэ щытыкIэр гъэтэмэныным ехьэлIа Iуэхугъуэфхэр.

Террористхэм я иужьрей щIэпхъаджагъэр, адрейхэми хуэдэу, дэ къыдолъытэ жылагъуэм зэрыщыту нэмыкIыкIытагъэкIэ къытпуэвауэ икIи Къэбэрдей-Балкъэрым и цIыхубэм иращIылIа зауэр.

Дэ фIы дыдэу къыдгуроIуэ а хьэкIэхъуэкIагъэ Iуэхугъуэм и щIыбагъ къыдэтхэм политикэ, дин гупсысхэр я унэтIакIуэу зэрыщымытыр, атIэ хьэбырщыбырагъэ мурад пыхъыкIахэр зэраIэр.

Нобэрей щытыкIэм республикэм и цIыху псори дыдэзрыубыдыну къеГъэув. Ди фIэщ мэхъу ди къару зэхэтлъхьэмэ, сыт хуэдэ террорист Iуэхугъуэми дыззрыпэлъэщынур, ди лъэпкъым и зэкъуэтыныгъэмрэ зэрыIыгъыныгъэмрэ зэрыдгъэбыдэнур.

Къэбэрдей-Балкъэрым мамыр, зызыужь гъащIэ щыIэн папщIэ Iэмалхэр къызэрызэдгъэпэщынур.

Италиер КъыдоплЪ

Джэгуэгъуэх хьуауэ зэкIэлъыкIуэуэкъу Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм пащэныгъэр щызыIыгъ «Спартак-Налшыкым» и щIыпIэр кIуэ пэтми ди къэралым хамэ щIыпIэхэми щыдоуей.

АБы и щыхьэтщ дыгъуасэ щIэзыдза ебгъуанэ джэгуэгъуэм щыщу Урысей Федерацэм и къэрал телеканалхэм къагъэлъэгъуэну къыхахар налшыкдэхэр зыхэтыр зэрыарар. Апхуэдэу «Россия-2» каналым (нэхъапэм «Спорт-у щытам) эфир занщIэкIэ ныщхьэбэ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 15-м телевизореплъэр щагъэгъуэзэнущ «Спартак-Налшыкымрэ» «Зенит»-мрэ Санкт-Петербург щрагъэкIуэкIыну зэIущIэр зэрекIуэкIым. Пщэдей сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 35-м ар абы иджыри зэ кьинтхэлъэнтъуэкъынущ.

Очко зэхуэдиз - 18 - яIэу премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм бжьыпэр иджыпсту щызэдзэгуэш командхэм я зэныкъуэкъуныгъэр хуабжьу удэзыхьэх зэрыхъунум щэч кьытрихьэркъым «Sky Sport» пщIэкIэ игъэлажьэ итальян телеканалми. Абыи мы зэIущIэр япэ дыдэу ди къэралым иратыкIыу эфир занщIэкIэ кьингъэлъэгъэнущ.

ЗэIущIэр щекIуэкIыну «Петровский» стадионым и билетхэр Iуэхугъуэм махуищ хуэдизкIи абы изу цIыхуэр къекIуэлIэнущ. Аращи, ди щIыпIэм тэпджэгуэм щыдихьэхъэм зэрыщыжаIэщи, «Еуэ, еуэ, ди «Спартак-!».

ХЬЭГАУ Исльам.

Лъэпкъ Iущыгъэ:
Зи Iуэ ит нэхърэ зи щхьэ ит.

Бжыгъэхэм

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *триХащ.*

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Курыт еджапІэкІэ компьютерхэмкІэ, ерыскъыхэкІкІэ къызэгъэпэщащ зэрыхъуМ щытепсэльыхьхэм, зэІущІэм хэтаХэм кІыхагъэщащ школхэм хуаутЫпщІын хуейуэ бюджетым къыщыльытаУэ щыта ахъшэр нэгъабэ ирикъуу зэраІэрымыхьар. Іуэхур зэфІагъэкІащ, езы муниципальнэ щІыналъэхэм я мыльКУкІэ. Президент КъанокъуэУ Арсен унафэ ящІащ мы гъэм а Іуэхум гулытэ щхьэхуэ хуащІыну, нэгъабэрей щытыкІэм кІыхтрИмыгъэзэжьын папщІэ.

Курыт еджапІэхэм ехьэлІауэ республикэм и Президентым иджыри зы унафэ ящІащ: абы компьютерыр яІэр зыхуэдизыр къапщІэт эу, ГІорысэ хъуаХэр зэрахъуэкІын хуейщ. А Іуэхум хуХахыну мылЫрыс и заявкэр фокІадэм нэхъ кІасэ мыхъуу бюджетым хагъэхьапхъэщ.

- Ильэсищ зи ныбжь компьютерхэм я деж щыщІэдзауэ, тІорысыпсэрэ пІэзыныбжь ЕГЭ-м ЩІэсу щыІ. Ахэр зэуэ тхъуэхэмэ, нужькІэ нэхъ зехьэгъуафІэ хъунущ. Ди еджапІэхэм яІэн хуейр иджырей Іэмэпсымэ эхъыфІхэращ. Абы ельытащ ди сабийхэм щІэныгъэ яГъуэтынур зыхуэдизыр, абыхэм я уэнцшагъэр зыхуэдэу щытынри, - кІуаІ Къанокъуэ Арсен.

Абы кІыхинГъэщащ еджакІуэ 10 къэс зы компьютер яІэн зэрыхуейр (нобэкІэ цІыху 17-м зы компьютерКІэ загъаСэ), курыт еджапІэ къэс езым я сайт кьаухуэзэгъэпэщынхэуэ ирилъытащ, сабийхэм щІэуэ къежьэ псоря ящІэн зэрыхуейм тригъыхьу.

ЗэІущІэм куэд щыжаІащ щІалэгъуалэр гъэсэнымэ теухуауэи.

- ЩІалэгъуалэр гъэсэнымэ нэхъ зыубГъуауэ кІыхьхэм зэрыІуэрыІуэ, ныбжьыкІэ щІалэгъуалэ политикэр зэкІэ тэмэму лажьэрКІым. Ди щІалэгъуалэр дэ езым дымыгъэсэжмэ, нэгъуэщІхэм тхуагъэсэхьунущ, - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

ГЪУЩІО Зариф.

• КъБР-м и Парламентым

Къыхалъхьэ Іуэхухэр зэпкърах

«Къэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуей хьэпшыпхэм, лэжьыгъэхэм, Іуэхутхьэбзэхэм тешІыхьаІуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм заказхэр щыхэгъэшынри, ахэр хабзэкІэ щызэкІэльыгъэкІуэнырэ Федеральнэ законым къыхэзыгъэувым тету къызэгъэпэщынымрэ хуэунэтІауэ нэхъыщхьэу зэфІэгъэкІыпхъэхэм» ятеуэхуауэ щытащ КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмрэ хьарычэт Іуэхумкіэ комитетым и унафэщІ **Марьяш Ириндэ** кІэщІу къытеувыІащ зэІущІэр къыхалъхьэным щхьэрсыгъуэ хуэхъуамрэ абы рокИнэу зыщІыгУгъэмрэ.

Къэралыр зыхуейхэм папщІэ заказэхэр хэгуэшэныжкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралымрэ и Къэралымрэ я Іэтащ-хьэ **Сапог Алий** къызэригъэлъагъуамкІэ, 2008 гъэм и дыгъэгъазэм КъБР-м и Президентым и Указкіэ къызэрагъэпэщащ зэхэпшІыпхэр щэнэр, Іуэхутхьэбзэхэр щІэнэр, - къыхэунэкъуэ щІэнэр, - ЩІэнэ-щІэнэ Іуэхуфэщхэр зэфІэхыныр зи пщэрыль, властым и гъэзэщІакІуэ орган. «ЩыкІэнъэпІуІ автоматизированнэ центр - Къэралэ заказ» системэм и реестрым иратхэ.

- Гъэм зэрыщІидзэрэ къэралэ заказ зытхэм я заявкэу сом мелуан 94-рэ мин 751-рэ и уасэ дыхэпІащ. Щыр зэпеуащ, 14-р ауфдэкІ. Абы-хэм къарикІуам япкъ иткІэ, сом мелуан 84-рэ мин 378-рэ и уасэ протоколэ унафэу 49-рэ дгъэхъэзыращ, сом мелуани 10-рэ мин 372-рэ къыдгъэхъуащ, - жиІащ **Сапог Алий**. - А зэманым къриубыдэу къэралэ заказ зытхэм я заявкэу сом мелуан 11-рэ мин 876-рэ и уасэ хэдгъуэщащ, сом мелуэ-ни 9-рэ мин 815-рэ и уасэ протокол унафэу 46-рэ дгъэхъэзыращ, мелуани 2-рэ мин 51-рэ къыдэдгъэхъуащ. Заявкэхэм я нэхъыбэр - 34-р - хущІыхъуэхэкІэм хуоз.

Къэпсэльам зэрыжиІамкІэ, къэралэ заказэр тэмэмэу хэгуэшэныжкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ министерствэхэм, ведомствэхэм, Іуэхущ1апІэхэм ящыщу къащхэунухэр зыгъэбелджылы Іэщ1агъэлІхэм я зэфІэкІым. Заказ зытым и къалэн нэхъыщхьэр текІуадэр нэхъ мащІэу фІагъ зиІэ Іуэхутхьэбзэхэр, лэжьыгъэхэр, зыхьэпшыпхэр зыІэрыгъэхьэнырщ. Абы папщІэ зыхуей тхьылъхэр хабзэм тету яГъэхьэнырщ. Абы папщІэ зыхуей тхьылъхэр хабзэм тету яГъэхьэзырыфІу щытын хуейщ. А Іуэхуми гулытэ хуащІ. Къапщтэмэ, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм Интернетым республикэм и сайт къыщыІэзыІуахащ, структурэ къудамэ къызэригъэпэщащ, зэпеуэ, котировкэ комиссэхэм я унафэщІхэр ирагъаджэри сертификатхэр иратыжащ. Федеральнэ программэм тету семинархэр къызэрагъэпэщ, Іэщ1агъэлІхэр яГъэхьэзыр. Республикэм заказхэр хэгуэшэныжмкІэ и Къэрал комитетым Федеральнэ казначействэм и щІыналъэ зэфІэкІым къыщыІэзыІуахащ электрон Іэмалмкіэ и Іуэхуэхэр зэригъэкІуэну хуит зыщІ сертификат. Мы зэманым Москва щыІэ «ЗыуэІ щыт электрон сату щІыпІІэ» ОАО-м зэрыдэлэжьэну щІыкІэр еубзыху.

- Ди лэжьыгъэр зыхуэдэр КъБР-м и Правительствэм щІыззэпкърах, кІыпІэщытхэр щагъэнаІуэ. Республикэм и прокуратурэм, Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущІапІэм и щІыналъэ къудамэм, Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ министерствэм Къэрал комитетым Зыуэ щыт и комиссэм и ІуэхущІафэр хабзэ пыухыкІам тету къепщытэ, заказэхэр зэрыхэдгъуашэм кІэлъоплъ, - къыхэгъащІ Сапог Алий. - Нобэ хэхъыфІу кьагъэсэдзэ хуащІ заказэхэр зэрагъэзащІэ технологиехэр, тхылъ зэхэтхэм зэрелэжь, ахэр зэрагъэхьэгъэ, заявкэхэр къызэрыхах Іэмалхэр.

КъэпсэльаР щхьэхуэу къытеувыІащ къэзыІьахъэ лъэпощхьэпохэм, комиссэм и Іуэхущ1афэм нэхъри зиубГъуН, кІит фейдэмрэ кІыхь сэбэпыныгъэмрэ хигъэхъуэн папщІэ дяпэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм.

Къыхэлъхьа Іуэхур зэпкърахыу зэІущІэм къыщыпсэльащ КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэмрэ Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущІапІэм и щІыналъэ управленэмрэ я къудамэхэм я унафэщІхэу **Атаякъ Анзор**, **Хьакъуй Людмилэ**, Май районым администрацэм и Іэтащ-хэ **Атамаников Юрэ**, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм муниципальнэ заказхэмкІэ и къудамэм и нэхъыщхьэ **Балъкъэр Заур**, нэгъуэщІхэр.

Зэхьлхьэм заказхэр хэгуэшэныжмкІэ Къэрал комитетым къыпэщытхэр щагъэбелджылащ, республикэм и Правительствэм хуагъэзащ сэнэджэщхэр къыщащтащ.

ЗэІущІэм хэтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм и правленэм и унафэщІ **Пэнагуэ Максим**.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

«Уэ уэ укъышІоупщІэ, ди анэ, Іуэхур зэрекІуэкІым. Дозауэ нэмыщІ зэрыпхъуакІуэхэм, ди щІыналъэм зэритхъуэным дыхущІокъу. Куэд щІакъым Вагъуэ Плъыжь орденитІ къызэрызатрэ. Зыр Белград и гъунапкъэхэм, адрейр Городище къуажэм деж сызэрыщызуам папщІэ...»

**Хэку зауэшхуэр зыгъэва, абы и пэм щыщІэдзауэ нухыным мазищ фІэкІа къэмынэжьыху хэта зауэлІ хахуэм зэрихьа лЫгъэр кьрибгъэльэгъуэну уриКъунущ мы письмо кІапэр. Ар и анэм кьыхуэзытха Жыгун Хьэсэнбий зауэр нухыу кьыгъэзэжьну, мамыр гъащІэм хэнсэухьыжьну, унагъуэ нухэуну кьызэрыхуимыухар псэр зыгъэдий гухэщІт и анэмрэ щыпхъуэхэмрэ я деж кІэ.



Жыгун Хьэсэнбий и фэеплъыр

Щысыр **Жыгун Хьэсэнбийщ.**

АРЩЫДАН щыщІэс Жыгунхэ я унагъыэм 1923 гъэм кьыщалъхуэ Хьэсэнбий кьызыхэхъуКІ балигъхэм фІыщІэу яльагъурт, яГъэгушхуэрт. Нэхьыжьхэм шы тесыкІэ пасэу зрагъэщІа щІалэ щІыкІыр мэзым здащэрт икІи мэракІуэ, пхъэщхьэмыщхьэ и шыпхъуитІым кьахуимыльу ар кьахуэкІуэжьыртэкъым. Нэхъ кьэжэпхъри гу щІыкІуКІэ пхъэ кьишэ хъуащ, иужькІэ щэкІуэным дихьэхащ, тон джэгуныр зыпищІ щыІэтэкъым. ЩІалэ щІыкІыр егъэджакІуэхэм фІыуэ кьалъагъурт зэрыжьІэщІэм, щІэныгъэм зэрыхуэпабгъэм щхьэкІэ. Ар школым и пэщІэдзэ комсомол организацэм и секретарт. Классиблыр кьнуха нэужь, рабфакым щІэтІысхьа щхьэкІэ, и мурад дахэхэр кьызэпиудащ 1941 гъэм кьэхьея зауае бзаджэм: щыщхьэІуэ и 1-м Хьэсэнбий дзэм яшащ...

«Партым кьихьэн папщІэ зы ильэскІэ нэхьыжьу зригъэтхат зрамыхъумэ, фронтым щыІуэхьам щыгъуэ иджыри ильэс 18 ирикъуатжкъым ар», - игу кьегъэкІыж Хьэсэнбий и щыпхъу Майе.

ЩІалэ дыдэу дэкІам, зауэлІ хахуэу зыкьигъэльэгъуат Жыгуным. Архивым хэлъ дэфтэрхэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, «зи хьэл-щэн дахэм щапхъэ зытепх хьун командир кьэмылэндджэжу щытащ. Абы и ныбжьэгъуэхэм яГэщхъуныгъэ яхилъхьэрт, кьинГъэдАГъэрт, и пэжагъыр, Хэхэм хуиІэ Дзэ кьыгъуныгъэр гъуазэт. Ар ЛІыхъужьу щыхэуащ щІыпІэ куэдым, 1941 гъэхэм уЭнгъэ хъуауэ щытащ, 1945 гъэм Польшэм кьыщытехуа удынышхуэм кьелакьым - махуитКІэ и псэм еджэу тельри лІащ».

Польшэм и Хжанов районым хьихьэ Бычинэ кьуажэм пэмыжьжьэу щытщ мывэ хужьым кьыхэщІыкІа фэеплъ. Абдежьым щІэльщ Польшэр нэмыщ зэрыпхъуакІуэхэм кьаІэщІэгъэкІыжьыным зи псэр щІэзэтхэм я хьэдхэр. Абы тетщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Арщыдан кьуажэм щыщ щІалэ хахуэ, лейтенант нэхьыжь Жыгун Хьэсэнбий и унэцІэри...

«Си сабийхэр цыкІуу Хьэсэнбий и сурэтыр щалъагъуКІ ущІэхэр кьыстрагъэльалъэрт, - игу кьегъэкІыж Майе. - УЭгъэ хъуат? Дэнэ дежт щэрэ зытехуар? Медадхэмрэ орденхэмрэ иІэт? Куэд хъурэт ахэр? Фашистхэм теухуауэ зыгуэрэхэр кьыбжиІэжат? Сабийхэм я ущІэхэращ си дэльхум теухуауэ мащІэ дыдэ фІэкІа зэрызымащІэм сезыгъэупсысыжар, Хьэсэнбий жиІэжахэм щыщ куэд зэрысІэщІэхуэжам, сызыщІэзмыущІэу кьэзгъэнахэм щхьэкІэ си щхьэм мыгъуагъэ иджы хузохьыж».

Майе кьысхуеІуат эгу кьинэжа хьыбар зытІыщ.

1944 гъэм Хьэсэнбий кьэкІуэжат. И уІэгъэ мыкІыжауэ, зэтеувыІа кьищІу, вочкомэтым абы и махуэ бжьыгъэм кьахуищІыну пэтрэ езым имыдэу: «Хэкум и махуэ гугъуэхэм зыгуэр пльэкІыхэу эунэм хуэнукъым», - жиІэри фронтым Іухьэжауэ щытащ. И унагъэм щыхэса мис а махуэхэм ящыщ зым Майе кьеджащ ар: «Си шыпхъу цыкІу, кьакІуи си бгым нэс зызгъэтхьэщІыт», - жиІэри. «Абы и джанэр щыщхьам мафІэм исам ешхъу дырыхъущхъэ тельт, адрей нэхъ цыкІуэхэр куэдыкІейт», - жеІэ Майе. Фэбжьыр кьызыхихам щыщІэупщІэм, Хьэсэнбий кьыжриІэжащ...

Автомат взводым и командир Жыгуным и пщІэ кьральхьат бийм щыщ псэууэ зыІэригъэхьну. Фронтым убгъэдыхьэн папщІэ тафэр зэпыбупщІу мэзым ущІыхьэн хуейт. ПсэзэпыльхьэпІэ гъуэгуанэр кьызэранэкІри мэзым щІыхьауэ тІэкІу загъэнсхуу здэщыпым, Хьэсэнбий и щыбагъымкІэ зыгуэр кьеГунущІащ. КьызэпльэкІмэ, езым и взводым щыщ сэлэт. «Ныбжьэгъу лейтенант, ар сэракьым, жыгымкІэ кьеуэхьу аращ», - жиІэну ар хунэса кьудейуэ, и жьэм жьэдэхуа биишэм ар зэфІигъэщІащ. Асыхьэтуи Хьэсэнбий зи пашэ гупым нэмыщхэм шэр кьытракІуэгу щІадзащ. Кьудрэ зыкърамыгъэІэту уэсэ щыІэм хэльащ ахэр. Дауэ мыхьуми, Хьэсэнбийрэ и зауэлІхэмрэ бийм щыщ кьаубЫдауэ, я ныбжьэгъум и хьэдри кьахьыжьри кьэкІуэжащ.

Иджыри сабийпІэм кьикІыну хунэмыса щІалэщІэр псынщІэу балигъ ищІат зауэ гущІэгъунщэм. УзыщІагуФІыкІын хэмылъми, гуфІэр сытым джэи зи нэгум кьрах Хьэсэнбий зауэм и кьэхъукащІэхэми кьыхихьфырт и гуныкьджыр кьэзыІэт гуэри. Псальэм и хьэтыркІэ, илъэсищкІэ нэмыщэ зэрыпхъуакІуэм япэщІэтауэ пІалъэ кІэщІкІэ и унагъуэм кьыщыкІуэжам щыгъуэ зрыпльэлъу дыкъэзымыУэ абы жиІэжырт: «Мазэм щыбыда быдапІэм бийм и кьхъухьлъатэхэр кьэлъатэри сурэт трахащ. Дэ унафэ кьытІэрыхьащ аехр кьэдмыдыдыхьну. Жэщ зэрыхъуу дыкьикІуэтри, а быдапІэр бийм хуит хэтщІащ. Нэху зэрыщу кхъхьлъатэ хьэлъэхэр кьэщІхьэщщхьэри, ди быдапІэу щытам бомбэхэр тракІуэтэу хуежьащ, езыхэм я дзэхэр хьэлэч эзтращІэу. ЩІым щыт нэмыщэхэм ІэкІи лъэкІи сыт хуэдэ дамыгъэ я кхъухьлъатэхэм ирамыгъэльэгъуами, кьагурымыІуэу зэтракъутэжащ».

ЩІэх-щэхьыуэр письмо кьитхырт Хьэсэнбий. Ауэ зэи и анэми, и шыпхъуэми ягу зыгъэныкьуэн кьажриІэртэкъым. Сытым дежи хьарзынэт, сытым дежи фІыт, псэууэ кьызэригъэзэжьнур я фІэщ щІэзэпытт. Щэч хэмылъу, абы кьыгурыІуэрт зауэм гъащІэ куэд зэрихьыр, езыри абыхэм яхэхуэныр зыхуэІуа зэрыщымыІэр, атІэми, и унагъуэр фІымащІэгъугъэпытт, быныфІым и нэщІпІу. Зигурэм Хьэсэнбий кьитха письмом дэльт зы сурэт, тхыгъэм мыпхуэдэуи итт: «Лидэ и сурэти нызогъэхь. Сэ уЭгъэщым мазищкІэ сыщщІэльам аращ кьыскІэльыплъар. Лидэ си къэщэнщ. СынывольэІу, ди анэ, си шыпхъу цыкІуэх, Лидэ фІыуэ фльагъу. Зауэм Іэджи кьыщохьу, зыгуэркІэ нэзмыгъэзэж хьымэ, сэ фІыуэ сыкьызэрыфІльагъуэм хуэдэу Украинэр фльагъу. Араш Лидэ кьыщалъхуар...» И анэм и гъэщхэм, зауэм Іут и адэм кьитхэхэм щІэупщІэрт.

1945 гъэм щІышылэм и 23-м Хьэсэнбий Польшэм кьритихьІ письмор кьиутІыпщащ. Ар и Іыхьлыхэм кьащыІэрыхьам, езыр щыІэжтэкъым, зауэр нухьным мазищрэ махуипщІрэ фІэкІа имыІэжу хэкІуэдащ Хьэсэнбий, Хэку зауэшхуэ орденым и яп нахьыщІэр кьратыну хунэмысауэ. ИужькІэ ар и анэ Фатимэт кьыхуагъэсыжьажуэ щытащ и кьэм и фэеплъу.

ЯгъэльапІэ Жыгун Хьэсэнбий и щІыхьыр и кьуажэгъуэм, Ар щеджа курыт еджапІэм фІэльщ абы и фэеплъыр, егъэджакІуэхэри щІэбгъэ кьэхъури ирогушхуэ абы и лІыгъэм. Школыр зытет узрамым зэрехьэ Хьэсэнбий и цІэр, куэдрэ кьызэрыхъуэ ещхьу, зэманым жьы дэхъуауэ кьамыльытэу, пщІэхуащІу.

«Си дольхум теухуа тхыгъэр бгъэхьэзырмэ, кхьыІэ, зы тхылъымпІэ кІапи умыгъэкІуэд», - кІэлъозэльэу Майе, Хьэсэнбий и сурэт мащІэхэм, и дамыгъэхэм я щІыхьэт тхылъхэм, зауэм зэрыхэкІуэдамкІэ хьыбар кьезыгъэщІа тхыгъэ кІэщІмэ, кьэзгъэщІэхэми дахэпльэу дыздэщысым. Абы и мурадми сыщгъэзгъуазэ: Аргудан кьуажэм и курыт еджапІэ №1-м Хэку зауэшхуэм теухуа музей ищІынущи, абы иритынущ. Сэ Майе абыкІэ быдэу кьызоГъэгуГъэ, ильэс 21-рэ фІэкІа мыхьэу зауэм хэкІуэда щІалэщІэм игъэвамрэ зэримыІуэгъажмрэ си гур яхуэрэ си нэмсыр кьрагъэкІуаУ сызэдищысым.

ИСТЭПАН Залиф.

АПХУЭДЭ щІыху ахьыр зэману куэд дэсащ кьуажэм. Ахэр я ІэужьыфІхэмкІэ щІэрыІуэ хьуати, куэдым кьащІыхурт, я хьыбарыфІэр газетхэм, телевиденэм, радиоим щІэ-щІэхьыуэ яІуатэрт. Абыхэм я мызакъуэу, Кэнжэ мымащІэу дэсащ кьызэрыгуэкІ лэжьакІуэу, «ГІрыІэ хьуати, куэдым кьащІыхурт, я хьыбарыфІэр газетхэм, телевиденэм, радиоим щІэ-щІэхьыуэ яІуатэрт. Абыхэм я мызакъуэу, Кэнжэ мымащІэу дэсащ кьызэрыгуэкІ лэжьакІуэу, «ГІрыІэ хьуатэ, куэдым кьащІыхурт, я хьыльэщ» жыІуэІэм хуэдэу, хьэрэмыгъэнщэу зи кьалэным бгъэдэтахэр, щэрыІуэ мыхьуами, колхозым, жылагъуэм гугъу зыхуэзыгъэхьахэр. Абыхэм ящыщт Іэщ1ыхьуэхэу Балэхэ Шыкъэ, Фыщ1э, Тэгэрэ э Бэчыр, ТІэмашэ, Бзэрэтъунхэ Іэюб, Тэркьан, Блэныкъ Зэчий, Иуэз Токъу, Гъуэщей Мурат, Бекьул Назир, Пщынокъуэ Мухьэб сымэ. Ахэр лэжьакІуэфІт, зэпІэззэрытт, цІыхухэм яхуэгуапэ т дэ тхэнэмэ яльэкІыжІэ зэрызыщІагъэхьуэным х эгъ.

Жылэм, кьэралым хьэлэду яхуэлэжьакъэм ящыщ Пщынокъуэ Хьэпагуэрэ Бекьул Мышыкьэрэ. Абыхэм я гуащІэ куэд халъхьащ жылагъуэр зэрыгушхуэ Іэщ1ыпкъыфІ 550-мрэ ящыщхэ бжыгъэ мин 12 хьу мэл гуартэмрэ бийм Іэрымыгъэхьэным.

...Фашистхэр ди щІынальэм гъунэгъу кьыхуэжьурт. Налшык ЗыхъуэмэжьыныгъэмкІэ щыІа комитетым унафэ кьиштат колхозхэм я Іэщ1ыр, мэлуэмэ техникэр, гъаэвэр гъэІэпхъуэн, аеар бийм Іэрымыкьэу хьумэн зэрыхуейм теухуауэ. Кэнжэ и Іэщ1ыхьуэхэм пщІэрыльэ щащІат Къущхьэхъу щыІэ я хьуэщІэр кьурышм щхьэпрахуну. Ар я мураду, Іэщ1ыр Іуащхьэмахуэ льапэкІэ иГъэщхьащ. Хьуп1эм щыпэжьа шкІакъуэу щІыІуэмрэ жэмышу, пщІэфІэу абы щыІа хьыдджэбзхэмрэ шыгуитІым ирагъэтІысхьэщ, нэхъ лІыжьитІи абыхэм гъусэ хуащІри, кьуажэм кьэкІуэжьну кьауТІп щыкІащ. Хьэпагуэ яхэту ягъэ-на адрей гупым Іэщ1ыр Куржым яхуну ирахужьащ, ауэ зыхьхумэжьныгъэмкІэ комитетым и лІыкІэгъэ ямыгъэгъ ту гъэгурэ ямыщІыкуу гуБгъуэм кьинащ - здатъэзэнуР ямыщІэу, Іэщ1ри я гъусэу фронтым и щІыкІэ кьыщыхутащ. Жылэм, кьэралым хьэлэду яхуэлэжьакъэм ящыщ Пщынокъуэ Хьэпагуэрэ Бекьул Мышыкьэрэ. Абыхэм я гуащІэ куэд халъхьащ жылагъуэр зэрыгушхуэ Іэщ1ыпкъыфІ 550-мрэ ящыщхэ бжыгъэ мин 12 хьу мэл гуартэмрэ бийм Іэрымыгъэхьэным.

...Фашистхэр ди щІынальэм гъунэгъу кьыхуэжьурт. Налшык ЗыхъуэмэжьныгъэмкІэ щыІа комитетым унафэ кьиштат колхозхэм я Іэщ1ыр, мэлуэмэ техникэр, гъаэвэр гъэІэпхъуэн, аеар бийм Іэрымыкьэу хьумэн зэрыхуейм теухуауэ. Кэнжэ и Іэщ1ыхьуэхэм пщІэрыльэ щащІат Къущхьэхъу щыІэ я хьуэщІэр кьурышм щхьэпрахуну. Ар я мураду, Іэщ1ыр Іуащхьэмахуэ льапэкІэ иГъэщхьащ. Хьуп1эм щыпэжьа шкІакъуэу щІыІуэмрэ жэмышу, пщІэфІэу абы щыІа хьыдджэбзхэмрэ шыгуитІым ирагъэтІысхьэщ, нэхъ лІыжьитІи абыхэм гъусэ хуащІри, кьуажэм кьэкІуэжьну кьауТІп щыкІащ. Хьэпагуэ яхэту ягъэ-на адрей гупым Іэщ1ыр Куржым яхуну ирахужьащ, ауэ зыхьхумэжьныгъэмкІэ комитетым и лІыкІэгъэ ямыгъэгъ ту гъэгурэ ямыщІыкуу гуБгъуэм кьинащ - здатъэзэнуР ямыщІэу, Іэщ1ри я гъусэу фронтым и щІыкІэ кьыщыхутащ. Жылэм, кьэралым хьэлэду яхуэлэжьакъэм ящыщ Пщынокъуэ Хьэпагуэрэ Бекьул Мышыкьэрэ. Абыхэм я гуащІэ куэд халъхьащ жылагъуэр зэрыгушхуэ Іэщ1ыр зэрыхъуэжьу, шыгуитІым щІэтІысхьэщ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

ЛІэщІыгъуэ плІанэ ● Кърым

- Купщіафізу Іэухуэхэм дыкъеІэсэлъыхьыну сыщоугуІэ. Абы къыдэхэІуэу сиджкІэ гуфІэгъуэшхуэщ итьэс къуэдкІэ сызэдэщымыІа Харьков сльагъуну, - жиІащ УФ-м и Президентым кхъуэхьтаэтэр кІэзырыІысу.

МЕДВЕДЕВ Дмитрий и псалъэхэм яІепщыхьмэ, Украинэмрэ Урысеймрэ я унафэщІхэр пІалъэ кІыхькІэ зэрызэхуэмызар щыхьэт тохъуэ лъэныкъуэкэм я зэхуэщІыкІэхэр хуабжу зэпыхьаеу зэрыщытам. «Ар зи яГэри дэратэкъым», - щІигъужащ УФ-м и Іэтащхьэм. Президентым жиІащ мыгъуэу къэрал Іуэхуэкіэ Киев кІуэну.

Идакъ щыгтыкІэм хэпщІыкІыу зекъуэж. Я1пэ щыкІэ Урысеймрэ Украинэмрэ я унафэщІхэр США-м щызэ хуэзащ. Урысеймэ и Президентым зэрыжиІамкІэ, абырэ Януковичрэ къудрэ зэхуоэз, лъэныкъуэтІми я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэр зэфІагъэкІын зэрыхуеІэм папщІэ. Абыхэм ящыщу нэхъапэщ газым дэ фІотыр Кърымым зэрыщыІэну пІалъэмрэ. А Іуэ хунтІымкІи Харьков щызэгурыІуащ. Урысей фІотыр Севастополь щыІэнущ идкыри илъэс 25-кІэ. Абы щыгъуэми, Медведев Дмитрий къаэзрыгуриІэуамкІэ, ар кІэух пІалъэкым - идкыри илъэситху кІыпащэкІэ хуунущ. А псалъэхэм щыхьэт техъуащ Януковичи Виктори:

- Урысейм щыщ ди ныбжьэгъуэхэм ящІэн хуеИщ дэ мы Іуэхум кІэн щэмыІэу дегупсысауэ дызэрыбгъэдыхьэр.

Президент Медведевым зыхъумэжьныгъэмкІэ министр Сердюков Анатолийрэ ВКФ-м и Іэтащхьэ Высоцкий Владимиррэ къалэн ящыщІащ Іенджмы ФІыщІэ фІо тыр

Сурэт техьным хуэІэзэт

У-2 кхъухьлатэр къэзыгупсысар авиконструктор акъыльфІэ Джонстон Кларенетщ. Ар зытещІыхьар зы закъуэт: льагэу зиІэту щІыпІэм сурэт трихьныр, совет исурэбгепемрэ ПВО-м и рагкетэхэмрэ лъэмыІэсу. Машинэм ищхьэрэ лъэныкъуэм къыщыщІэдзауэ ипщэ гуфанкъым нэсыху СССР-м и щыналъэр зэпнупщІыфынут, Европэм я Азием и аэродром гуэрым тетІыхьхьэжьыфым хуэдэу. Исын хуейр зы щІыу закъу зт.

1956 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м У-2-р япэ дыдэу Совет Союзым щхьэпрыІуэтыкІащ. Висбаден (ФРГ) къыщежьэри, Польшэмрэ Белорусиемрэ я1панэ Ленинград щхьэщІащ, Прибалтикэр зэпиупщІри, кушхьэкІэм игъэзэжащ.

Совет радархэм кхъухьлатэр ялъагъурт, ауэ аэр абы лъэІэсыфыртэкъым. Езым и гукъэкІыжхэм къызэрыщІгъэльэгъуамкІэ, Хрущев абы кьиІгъэлыбырт икІи кьиІлъыгъэт. Куэрыр къэралыр зыгъэпуду.

1960 гъэм и мэлыжьхьым хамэ къэрал Іуэхуэхэмкіэ министр Громыкэ Андрей КПСС-м и ЦК-м и Президиумым ихьащ США-м зэхищІыхьэр СССР-м зэримыдэр къыщыгъэльэгъуэ зи чэзу нотэм и проектыр. Хрущев жиІащ: «Мыпхуэдэ нотэхэм ахэр нэхъри яГьэгушхуэ. Дэ ди ныбжьэгъуэхэм ящІэ дэ кхъухьлатэхэр кьедуДыхьын хуейщ».

1960 гъэм накьыгъэм и 1-м Совет Союзым и уэгум кьихьэ и пэкІэ Пауэрс ахпхуэдэ Пасхъэщ1эх Іуэхуэхэм кхуэдэ х этат. Ар СССР-м, къуэкьлІэ къэралхэм 27-рэ ящхьэщІыхьат! Тыркум и Инджирлик базэм и дежэ уэгум щихьэри, абы и У-2-м Уралымкіэ инэтІащ.

США-м и кхъухьлатэ СССР-м и щІыналъэм кьыІэзрихьар Хрущев кьищІащ пщэдджьжьым жьыуэ - абы ар телефонкІэ кьыжриІащ зыхъумэжьныгъэмкІэ министр Малиновский Родион. Правительствэм и Іэтащхьэм унафэ ищІащ кхъухьлатэр зенит ракетэхэмкІэ кьрадыдахьну Ут Плъыжьым Дзэ парадыр щыІэфІэкІауэ гуащІэрыпсэхуэм я демонстрацІэ щІыкІэкІыр, ПВО-м и къарухэм я унафэщІ, Маршал Бирюзов Мавзолейм дэкІуейри, Хрущев щэхуу жриІащ кхъухьлатэр кьІэзэрыпрадыдахэр, абы исарри гъэру эзрадыбыр.

Зи нэгур зэхэуфа Хрущевыр зэуэ нэжгугжэ кьэхъащ.

- Гари, Урысей уэ здым щащІэ а махуэм кьэхъуар, ауэ сыт щекІуэдар езы юхъуэхьатэр кІуэщІым? ЗэрысщІэмкІэ, уи адэр яГэкъуэншауэ щытащ узгуи кьехуэх кхъухьлатэр зэрримыкьутэпамкІэ - абы ар ху зэ кьалэн и пщэ илъ...

- Накьыгъэм и 1-м си адэр Свердловск щхьэщІыгъ. Зэуэ кабинэм мафІэ кьыщІылъдащ. Кьауэм кьыхэкІа хьэуа толькъуныщхъуэм ар кхъухьлатэм кьридзащ. Езы кхъухьлатэрэ щыІуэ зэпхьрэудащ. И парашютым зыкъыщІэзІуихар щыІм фут мин 15 хуэдизкІэ (километри 4,6-рэ) гъунэгъу кьыхуэхьуа иужьщ. КьыІэзрыІысу ар яІэрыхьащ щІыпІэ властхэм. КГБ-м и лэжьакІуэхэм си адэр Лубянскэ псынщІэу нагъэсащ.

Пауэрс-нэхьыжькІэ зэрауфІыда щІыкІэр судым кьыщІыІуэтэжат Консулино кьуэкъэщІыщ Асабин Петр. Абы и унащхьэм зэрыщІэу ятелІыжьхьат уэгум парашютклэ кьех лІыр. И гуэнэгъур и Іуэхуэр ар хущІэкъуащ дэІэпыкъ гуІ.

Парашютым мафІэ кьыщІэнащ икІи Асабинэр Пауэрс дэІэпыкъуэдащ ар игъэункІыфІыныкІэ. НэгъуэщІхэри кьэсащ. Шлемофонымрэ нэкІыІупхьу эмрэ зыІуедгъэхьу, кьэхъуамкІэ деупщу хамэ бзэкІэ кьыщідзпсэльаращ хамэ къэрал зэрыщыщыр кьыщытщІар. Сэ абы кьамэр кьытесхащ, нэхъ иужьыуэкІэ Черемисиным абы кІэрахьуэ кьыпщэхихащ. Кьуажэ Совет тым щынэдгъэсэм абы кьыщытпэлъэрт КГБ-м и лэжьакІуэхэр.

Асабиным и псалъэхэм тепщІыхьмэ, Пауэрс хэтыхъакьым зыгуэркІи закъыпэщІыхьэну сэну. ИужькІэ американым Асабиным ф1ыщІэ кьыхьуІащ сезым и дежкІэ мыхьэнэ ин ми яжеІэ, абыхэм уэ пэжыр кьуагъэІуэтэнущ».

Зыми щэч кьытрихьэрэ тэкъым яубыда кхъухьлатэрэ зехъэжьын. ИужькІэ, белдыкІы зэрыхьуамкІэ, си адэр Советхэм зэи щаубэрэжьакъым. Абы жэщ-махуэ 30-кІэ кьыпкьрыпущІыхьхэр игъэщхьэрыуэну. Ауэ накьыгъэм и 7-м Хрущев дуней псом хэІущІыІу щІищІащ кхъухьлатэ кьыІэзрыраудыхар икІи ар зезыгъаІуэр гъэру кьыІэзрауфыдар. Газет псомкІ кьытрадзащ кхъухьам теухуа хьыбархэр. Си адэм ди президентыр игъэулъиину уэйтэхьым. АрщхьэкІэ иужьрейм мурад ищІащ кхъхьея кьаутьэмкІэ жэуапыр кьанэ щымыІэу езым и пщэм дилькъэжьну. Арати, президентым жиІащ езым хуит ищІу кхъухьлатэрэ хэр Совет Союзым и уэгум ихьауэ. Президентым кьиІыльтэрт Перл-Харбор кьыщхьуам хуэдэ (Мы хьтІыгум щІэ дзэм япон сэлэтхэр теуэри, американ сэлэтхэу минитІым щІигъу яуклат ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щыгъуэ. - Щ.М.) кьымыгъэхьун папщІэ США-м мыпхуэдэ Іуэхуэхэр илэжьын, СССР-м и кьарур эыхуэдэр ищІэн хуейуэ. Си адэр кьышрадудахьм щыгъуэ Зиэнгхуэр американ щыхуэ Іуэрыкъуэгъэр гуэрым псорэ кьыгъэІущІащ. Хрущев кьыпхуэмыльытэн хуэдизу жьэ игъуэтащ: абы белджьыпы ящищащ Штат Зэгуэтхэм шпионыгъэ зэрызэрахьэр.

Судыр махуищкІэ - щыщхьэІум и 17 - 19-хэм Союзхэм я Унэм щащІащ. Кьэралым и цІэкІэ зыгъэхьуанщэр СССР-м и Прокурор нэхъыщхьэ Руденкэ Романт, кьыщхьэщыжьыр уэчыІ Гринев Михаилт

Пауэрс Гари ильэси 10 тралъхьащ, я1пэ илэсищыр лъэхъуэщым щигъэкІуэн хуеІуэу. Абы хэщІапІэ хуэхъуащ Владимиркэ лъэхъуэщ цІэрыІуэр. Ар щІэпхъаджащэ нэхъ шынагъуэ дыдэхэр щалыгъыр. Владимир областым щыІэ а тутнакъэщым щалыгъауэ щытат фельдмаршал Паулюс, Сталин Василий, НКВД-КГБ-м и генерал-лейтенант Судоплатов Павел, уэрэджьыІакІуэ Руслановэ Нинэ, киноактрисэ Федоровэ Зое...

- Гари, уэ уІцыгъ1аэр уи адэр Владимиркэ зэрыщІыгъа щІыкІэм?

- Абы и дежкІэ ар зэман хьэлъэт. Гугъу урагъжьынтэкъэ махуэ къэс кьыІэзрыпкърыупщІыхьым, уи унагъуэм уэзэрыпэІэщІэм, уэ кьобий кьэралым и хьэпсэм уэзэрисым? ЩІымахуэм дежьщІэ тхьагъэмэ гум тегъуалъхьэу хуабэт.

